ÈSKE OU PANSE OU GEN LAWOUJÒL?

Kisa pou fè si ou panse ou gen lawoujòl

Lawoujòl nòmalman kòmanse avèk lafyèv, touse, nen koule, epi zye wouj ki bay bouton grate sou po. Si yon moun nan fanmi ou gen sentòm lawoujòl:

Pa frekante moun nan fanmi an ki pa malad.

Tout moun nan kay lan ta dwe rete anndan kay pou evite fè vwazen oswa moun ki pa nan kay ou tonbe malad.

Rele yon doktè oswa yon lopital touswit pou fè yo konnen gen moun nan kay ou ki malad avèk lawoujòl. Yo pral di ou kisa pou fè.



Kilè pou moun ale nan sal dijans?

Si moun ki malad lan vin pi mal rapidman oubyen si li gen nenpòt nan sentòm ki make anba yo mennen li touswit nan sal dijans yon lopital.

PA PÈDI TAN.

Difikilte pou respire
(oubyen respirasyon pi rapid pase sa li abitye)

Doulè lè li respire oswa touse

Dezidratasyon
(nen epi bouch ki sèch, mwens volim irin, kriye san dlo pa sot nan zye li)

Lafyèv oswa maltèt ki pa pase

Konfizyon, manke vijilans, oswa gwo feblès

Koulè ble otou bouch li, manke enèji, oswa difikilte pou manje
(pou timoun piti)

Fè yon moun telefone avan ou rive. Fè lopital lan konnen gen yon moun ki gen lawoujòl kap vini.